

# KLAS 4YÈM ANE

## NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS

### EGZAMEN EKRI

6 JEN 2011

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

**Premye Pati** a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon No. 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Dezyèm Pati** a genyen 12 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.**

Copyright 2011

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK  
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT  
ALBANY, NEW YORK 12234

## EKSPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini aprè l, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make repons ou yo sou fèy repons la.

Li egzanp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons ki nan egzanp **S-2** a.

**S-2** Ki bêt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen


Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon.

## Premye Pati

- 1 Dyagram ki anba la a montre yon balans. Kote A genyen senk (5) blòk epi kote B gen twa (3) blòk. Mas chak blòk endike an gram (g).




Ki valè mas anplis blòk sou kote A a genyen pase blòk sou kote B a?

- A 50 g
- B 100 g
- C 150 g
- D 200 g

## Remake kesyon 2 a genyen twa chwa sèlman.

- 2 Kijan dire lajounen nan Eta New York chanje ant sezon lete ak lotòn?
- A Li diminye.
  - B Li ogmante.
  - C Li rete menm jan.
- 3 Ki de (2) obsèvasyon yo itilize alafwa pou dekri tan?
- A presipitasyon ak ekoulman dlo
  - B tanperati ak kondisyon syèl la
  - C vitès van ak ewozyon
  - D kalite nyaj ak depozisyon

**4** Yon almanak pou mwa septanm 2003 endike anba la a.



Almanak la montre chanjman aparans

- A Solèy la
- B Lalin nan
- C etwal yo
- D Latè

**5** Lapli te tonbe nan yon apremidi lete cho, epitou yon ma-dlo te fòme. Apre plizyè èdtan, ma-dlo a te seche. Ki de (2) pwosesis ki te fè ma-dlo a fòme epi disparèt answit?

- A presipitasyon, epi answit evaporasyon
- B depozisyon, epi answit evaporasyon
- C presipitasyon, epi answit ekoulman dlo
- D depozisyon, epi answit ekoulman dlo

**6** Ki fòs ki lakòz wòch yo woule desann?

- A gravite
- B friksyon
- C ewozyon
- D mayetis

**7** Ki inite mezi ki dekri longè yon objè?

- A mèt
- B kilogram
- C lit
- D degré

**8** Ki sans ki itilize pou detèmine teksti yon objè?

- A tande (l'ouie)
- B odè
- C gou
- D touche

**9** Dyagram ki anba la a montre yon mòso chokola solid anvan li te fonn ak menm mòso chokola a apre li te fin fonn pou tounen yon likid.



Chokola solid



Chokola likid

Ki pwopriyete mòso chokola a ki menm nan de (2) dyagram yo?

- A mas
- B fòm
- C tanperati
- D teksti


**10** Ki fòm enèji yo jwenn nan manje?

- A chimik
- B elektrik
- C son
- D mekanik

**11** Yon elèv chifonnen yon fèy papye. Ki pwopriyete papye a ki chanje?

- A koulè
- B mas
- C eta
- D fòm

**12** Dyagram ki anba la a montre yon klòch k ap sonnen.




Ki kalite enèji ki pwodui lè yon klòch sonnen?

- A mayetik
- B elektrik
- C son
- D limyè

**13** Yon elèv kap kouri yon bisiklèt obsève bisiklèt la kouri pi vit sou yon wout lis pase sou yon wout ki rèd. Sa rive paske wout lis la gen

- A mwens gravite
- B plis gravite
- C mwens friksyon
- D plis friksyon

**14** Dyagram ki anba la a montre yon chodyè dlo k ap bouyi sou yon fou.



Ki fòm enèji ki chanje dlo a ant yon likid ak yon gaz lè l ap bouyi?

- A son
- B mekanik
- C limyè
- D chalè

**15** Ki objè ki *pa vivan*?

- A lous
- B bisiklèt
- C zwazo
- D papiyon

**16** Yon egzanp de yon karakteristik distenge ke yon moun aprann se


- A ap anmezi pou li
- B ap anmezi pou respire
- C ap gen yon sikatris
- D ap gen zye mawon

**17** Dyagram ki anba la a montre yon flè ki gen matirite.



**Flè ki gen Matirite**

Flè sa a te fè gress ki te grandi pou tounen nouvo flè. Ki nouveau flè ki pi kapab yon pwojeniti flè ki gen matirite sa a?



**A**



**B**




**C**



**D**


**18** Dyagram ki anba la a montre yon bebe elefan avèk youn nan paran li yo.



Twonp bebe elefan an se yon egzanz

- A yon repons a anviwònman an
- B yon karakteristik ereditè
- C koulè pou atire parèy
- D yon adaptasyon selon sezón

Sèvi ak dyagram ki anba la a pou reponn kesyon 19 ak 20. Dyagram nan montre kat (4) etap nan kwasans ak devlopman yon pye pwa. Etap yo gen lejann *A*, *B*, *C*, ak *D*.



**19** Nan ki etap jèminasyon vizib anvan?


- A A
- B B
- C C
- D D

**20** Ki nouvo estrikti ki parèt an premye nan etap *D*?

- A gress
- B fèy
- C rasin
- D tij

\*\*\*\*\*

- 21** Dyagram ki anba la a montre kat (4) etap nan sik lavi yon papiyon. Yon etap gen lejann X.



(Pa trase selon echèl la)

Ki etap ki endike nan X?

- A lav
- B ze
- C adilt
- D krizalid

- 22** Ki de (2) aktivite tout espès vivan yo egzekite?

- A pwodui manje epi elimine dechè
- B pase livè nan ibènasyon epi pran eleman nitritif
- C grandi epi repwodui
- D migre epi chèche refij

- 23** Yon rena grandi pwal ki pi epè lè yon sezon ap chanje. Adaptasyon sa a ede rena a

- A jwenn manje
- B rete pi cho
- C grandi pi solid
- D evite predatè yo

**24** Ki aktivite ki se yon egzanz bon abitid pou sante?

- A gade televizyon
- B fimen sigarèt
- C manje sirèt
- D fè egzèsis fizik chak jou

**25** Yon dekonpozè se yon òganis ki

- A fè lachas bêt epi ki manje bêt
- B migre pou livè a
- C dekonpoze plant ak bêt ki mouri
- D itilize dlo ak limyè solèy pou fè manje


**26** Ki sous prensipal enèji pou sik dlo?

- A elektrisite
- B ewozyon
- C gravite
- D limyè solèy

**27** Ki aktivite imen ki pi poze danje pou anviwònman natirèl la?

- A naje nan yon lak
- B monte yon bisiklèt
- C koupe pyebwa nan yon forè twopikal imid
- D utilizasyon enèji solè

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 28 jiska 30. Dyagram nan montre yon relasyon ant plizyè òganis, ki gen lejann *A*, *B*, *C*, ak *D*.



(Pa trase selon echèl la)

**28** Sekans ki endike nan dyagram nan reprezante yon

- A dire lavi
- B chèn alimantè
- C sik dlo
- D jèminasyon grenn

**29** Ki òganis ki se yon pwodiktè nan dyagram nan?

- A A
- B B
- C C
- D D

**30** Ki òganis nan dyagram nan ki toulede alafwa predatè ak viktim?


- A A
- B B
- C C
- D D

\*\*\*\*\*

## Dezyèm Pati

*Enstriksyon (31–42): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.*

- 31** Yo te chofe yon tas dlo pandan uit (8) minit. Tèmomèt ki anba la yo montre tanperati yo obsève pandan moman sa a.



Estime tanperati dlo a lè li te chofe pandan twa (3) minit. [1]

\_\_\_\_\_ °C

- 32** Tablo done ki anba la a montre kilè solèy la leve ak lè solèy la kouche pou yon vil nan Eta New York pandan yon semèn. Lè pou jou 4 la **pa** endike.

### Lè Solèy la Leve ak Lè Solèy la Kouche pandan yon Semèn

Jou	Solèy la leve	Solèy la kouche
1	5:42 a.m.	8:22 p.m.
2	5:43 a.m.	8:21 p.m.
3	5:44 a.m.	8:20 p.m.
4	???	???
5	5:46 a.m.	8:18 p.m.
6	5:47 a.m.	8:17 p.m.
7	5:48 a.m.	8:16 p.m.


Selon modèl ki endike nan tablo done a, ki lè solèy la te leve, epi kilè li te kouche nan jou 4 la? [1]

Solèy la leve: \_\_\_\_\_ **a.m.** Soley la kouche: \_\_\_\_\_ **p.m.**

- 33** Twa (3) pwopriyete yon blòk bwa endike nan tablo ki anba la a. Idantifye **yon** zouti syantifik yo kapab itilize pou mezire chak pwopriyete. Yo montre zouti ki itilize pou mezire pwa a. [2]

Pwopriyete	Zouti
pwa	balans-a-resò
wotè	
mas	

- 34 Dyagram ki anba la a montre yon sikui elektrik ki louvri nan lèt *B*. Anpoul la ***pa*** limen.




Eksplike pou kisa itilizasyon yon twonbòn metal pou konekte fil yo nan *B* ap limen anpoul la. [1]

---

---


- 35** Dyagram ki anba la a montre senk (5) bwat ki gen lejann *A*, *B*, *C*, *D*, ak *E*. Yo montre mas chak bwat.



Ekri lèt bwat ki anba bwat ki gen yon mas 700 gram. [1]

---


**36** Dyagram A, B, ak C ki anba la a montre yon moun k ap itilize twa (3) diferan machin senp pou deplase yon bwat.



Tablo ki anba la a endike twa (3) machin senp sa yo. Konplete tablo a. Pou fè sa, ekri lèt dyagram nan pou montre ki machin senp y ap itilize pou deplase bwat la. [1]

Machin Senp	Lèt Dyagram
pouli	
plan enkline	
levye	

- 37** Dyagram ki anba la a montre twa (3) pè leman idantik ki gen lejann A, B, ak C. Distans ant chak pè leman endike an santimèt (cm).




Eksplike pou kisa pè leman yo ki nan B ap gen pi gwo fòs atraksyon nan mitan yo. [1]

---

---

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 38 ak 39. Dyagram nan montre yon plant vèt. Kat (4) pati yo nan plant lan gen lejann.



**38** Dekri **de (2)** fonksyon rasin yo. [2]

(1) \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**39** Identifie **de (2)** bagay nan anviwònman an yon plant vèt bezwen pou siviv. [1]

ak \_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

- 40** Grenn plant yo epapiye (gaye) nan diferan fason. Dekri **de (2)** fason gress yon plant kapab epapiye. [2]

(1) \_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_

- 41** Paragrap ki anba la a bay kèk enfòmasyon sou yon kalite tòti.

Tòti a manje zèb ak bêt ki pi piti yo. Koulè ki sou kokiy tòti a pèmèt li melanje avèk tè ki nan forè a. Tòti a mache pi dousman pase predatè li yo, tankou rena yo. Lè tòti a santi danje, li kache andedan kokiy di li a.

Dekri **de (2)** fason tòti a pwoteje kont predatè yo. [1]


(1) \_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_

- 42** Yon elèv te fè kèk obsèvasyon sou de (2) objè, *A* ak *B*. Tablo ki anba la a montre obsèvasyon sa yo.

Objè A	Objè B
katon	bwa
mawon	mawon
kib	kib
lis	rèd

Yon dyagram Venn kapab sèvi pou konpare ak kontraste objè *A* ak *B*. Konplete dyagram Venn ki anba la a. Itilize **tout** obsèvasyon ki nan tablo a. [1]



\*\*\*\*\*



**Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman**  
**Part II Credit**

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	2	
34	1	
35	1	
36	1	
37	1	
38	2	
39	1	
40	2	
41	1	
42	1	
<b>Total</b>	<b>15</b>	